**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI BILIMLENDIRIW, PÁN HÁM INNOVACIYA MINISTRLIGI**

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI DENSAWLIQTI SAQLAW MINISTRLIGI**

**QARAQALPAQSTAN MEDICINA INSTITUTI**

**«Tastıyıqlayman»**
**Qaraqalpaqstan medicina institutı**
**rektorı O.A.Ataniyazova**

______________________

**«17» «09» 2024 jıl**

# QARAQALPAQSTAN MEDICINA INSTITUTINDA STUDENTLERDIŃ BILIMIN BAHALAW HÁM QADAǴALAW SISTEMASI HAQQINDA

# NIZAM

**(6 kurs ushın)**

**NÓKIS 2024**

**Qaraqalpaqstan medicina institutında talabalar bilimin qadaǵalaw hám bahalaw sisteması haqqındaǵı**

# NIZAM

Usı Nızam Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministriniń 2018-jıl 9-avgusttaǵı 19-2018-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan, Ózbekstan Respublikası Ádillik ministrliginde 2018-jıl 26-sentyabrde 3069-sanlı dizimnen ótkerilgen hám Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi Ilim hám medicinalıq bilimlendiriw bas basqarması baslıǵı tárepinen 2018-jıl 5-dekabrde tastıyıqlanǵan "Medicinalıq joqarı bilimlendiriw mákemelerinde studentlerdiń bilimin qadaǵalaw hám bahalaw sisteması haqqındaǵı Reje" tiykarında islep shıǵılǵan.

## 1-bap. Ulıwma qaǵıydalar

**1.** Usı Nızam 2024-2025 oqıw jılında barlıq bilimlendiriw baǵdarınıń 6-kurs talabalarınıń bilimin qadaǵalaw hámde bahalawda qollanıladı.

**2.** Usı Nızam talapların nızam hújjetlerine muwapıq oqıw procesi modul sistemasına tiykarlanǵan joqarı oqıw orınlarında talabalar bilimin qadaǵalaw hámde bahalawda qollanılmaydı.

**3.** Talabalar QMI professor-oqıtıwshıları tárepinen birinshi sabaqta Usı Nızam talabları menen tanıstırılıwı shárt.

**4.** Talabalar bilimin bahalawda qániygelik ámeliyat, kurs jumısı, pán (pánler aralıq) mámleket attestaciyası, pitkeriw qániygelik jumısı, sonday-aq magistratura basqıshında ilmiy-izzertlew hám ilmiy-pedagogikalıq isler hámde magistrlik dissertaciyasi boyınsha usı Nızamda belgilengen bahalaw kriteriyaları qollanıladı. (1-qosımsha)

## 2-bap. Qadaǵalaw túrleri hám bahalaw kriteriyaları

### 1-§. Qadaǵalaw túrleri

**5.** Institutta talabalar bilimin qadaǵalaw kundelik, aralıq hám juwmaqlawshı qadaǵalaw túrlerin ótkeriw arqalı ámelge asırıladı hám 5 ballıq sistemada bahalanadı.

**6.** Aralıq qadaǵalaw semestr dawamında isshi pán dástúriniń tiyisli bólimi tamamlanǵannan keyin talabanıń bilim hám ámeliy kóniklikpelerin bahalaw maqsetinde oqıw sabaqları dawamında ótkeriledi.

**7.** Aralıq qadaǵalaw túri hár bir pán boyınsha pánniń ózgesheliginen kelip shıqqan halda 2 mártege shekem ótkeriliwi múmkin.

Aralıq qadaǵalaw túrin ótkeriw forması hám múddeti pánniń ózgesheliginen hám pánge ajratılǵan saatlardan kelip shıǵıp tiyisli kafedra tárepinen belgilenedi.

**8.** Aralıq qadaǵalaw túriniń tapsırmaları tiyisli kafedra professor-óqıtıwshıları tárepinen islep shıǵıladı hám sol kafedra baslıǵı tárepinen tastıyıqlanadı.

**9.** Semestr dawamında háptesine **4 akademik saattan (72 saat) dan kem bolǵan pánler boyınsha aralıq qadaǵalaw túri ótkerilmeydi.**

**10.** Talabanıń ámeliy, seminar, laboratoriya júmısları hám ózbetinshe jumısı tapsırmaların orınlawı, sonday-aq onıń usı sabaqlarǵa aktivligi pán oqıtıwshısı tárepinen bahalanıp barıladı. Bahalaw usı Nızamnıń 16-bántinde názerde tutılǵan kriteriyalar tiykarında ámelge asırıladı.

**11.** Juwmaqlawshı qadaǵalaw túri semestr juwmaǵında (sol semestr pán juwmaqlanbasa pán tamamlangandan soń) tiyisli pán boyınsha talabatıń teoriyalıq bilim hám ámeliy kónlikpelerin ózlestiriw dárejesin anıqlaw maqsetinde ótkeriledi.

**12.** Juwmaqlawshı qadaǵalaw túri (awızeki yamasa test) institute metodikalıq keńesinde anıqlanadı hám institute keńesi qararı menen tastıyıqlanadı.

**13.** Juwmaqlawshı qadaǵalaw túri oqıw-metodikalıq bólimi tárepinen islep shıǵılatuǵın, rektor hámde oqıw isleri boyınsha prorektor tárepinen tastıyıqlanatuǵın Juwmaqlawshı qadaǵalaw túrlerinin ótkeriw kestesine muwapıq ótkeriledi.

**14.** Medicina joqarı oqıw orınlarında aralıq hám juwmaqlawshı qadaǵalaw túrleri ob'ektiv sistemalastırılǵan klinik sınaw yaki ob'ektiv sistemalastırılǵan imtihan formalarında ótkeriliwi múmkin.

**15.** Qadagalaw túrlerin otkeriwde ob'ektivlikti tamiyinlew maqsetinde talabalar tuwrısındagı maǵlıwmatlardı olardıń bahalaw islerine identifikaciya kodın beriw arqalı shifrlanadı.

## 2-§. Talabalar bilimin bahalaw kriteriyaları

**16.** Talabalardıń bilimin tómendegi kriteriyalar tiykarında:

talaba óz betinshe juwmaq hám qarar qabıl qıladı, dóretiwshi pikirley aladı, óz betinshe oy júritedi, alǵan bilimin ámelde qollay aladı, pánniń (temanıń) mánisin túsinedi, biledi, kórsete aladı, aytıp beredi hámde pán (tema) boyınsha kóz qarasqa iye dep tabılǵanda - 5 (ayrıqsha) baha;

talaba óz betinshe oy júritedi, alǵan biliminin ámelde qollay aladı, pánniń (temanıń) mánisin tusinedi, biledi, kórsete aladı, aytıp beredi hámde pán (tema) boyınsha kóz qarasqa iye dep tabılǵanda - 4 (jaqsı) baha;

talaba alǵan bilimin ámelde qollay aladı, pánniń (temanıń) mánisin túsinedi, biledi, kórsete aladı, aytıp beredi hámde pán (tema) boyınsha kóz qarasqa iye dep tabılǵanda - 3 (qanaatlandırarlı) baha;

talaba pán dastúrin ózlestirmegen, pánniń (temanıń) mánisin túsinbeydi hámde pán (tema) boyınsha kóz qarasqa iye emes dep tabılǵanda - 2 (qanaatlandırarsız) baha menen bahalanadı.

**17.** Qadaǵalaw túrlerin ótkeriw boyınsha dúzilgen tapsırmalardıń mazmunı talabanıń ózlestiriliwi ádil (ob'ektiv) hám anıq bahalaw imkaniyatın beriwi shárt.

## 3-bap. Talabalar bilimin bahalaw

**18.** Talabalar bilimin bahalaw 5 bahalıq sitemada ámelge asırıladı.

**19.** Aralıq hám juwmaqlawshı qadaǵalaw turlerin ótkeriw, sonday-aq talabalardıń bilimin bahalaw QMI tárepinen shólkemlestirilgen komissiya tárepinen ámelge asırıladı.

- komissiya quramı tiyisli pán professor-oqıtıwshıları hám tiyisli taraw qaniygeleri arasınan dúziledi.

- komissiya quramına kelisiw tiykarında basqa shólkemlerdiń tiyisli taraw qániygelikleri de kiriwi múmkin.

Juwmaqlawshı qadagalaw túrin otkeriw hám bahalaw túri boyınsha talabanıń bilimin bahalawda oqıw sabaqların alıp barmaǵan professor-oqıtıwshı tárepinen ámelge asırıladı.

Tiyisli pán boyınsha oqıw sabaqların alıp barǵan professor-oqıtıwshılar juwmaqlawshı bahalaw túrin qabıllawda qatnasıwı qadaǵan etiledi.

Juwmaqlawshı bahalaw túrin ótkeriwge kelisiw tiykarında basqa JBO nıń tiyisli páni boyınsha professor-oqıtıwshılardı tartılıwı múmkin.

**20.** QMIda qadaǵalaw túrlerin ótkiziliwi QMI oqıw sapasın qadaǵalaw bólimi tárepinen turaqlı túrde úyrenilip barıladı.

- bunda qadaǵalaw túrlerin ótkiziliw tártibi buzılǵanlıǵı anıqlanǵan jaǵdaylarda, ótkerilgen qadaǵalaw túrlerin nátiyjeleri biykar qılınıwı xámde tiyisli qadaǵalaw túri qaytadan ótkeriliwi múmkin.

**21.** Lekciya, ámeliy, laboratoriya hám seminar sabaqların qaldırǵan yamasa qanaatlandırarsız baha alǵan hám onı qayta tapsırmaǵan talaba aralıq qadaǵalawǵa kiritilmeydi.

Talaba tiyisli pán boyınsha juwmaqlawshı qadaǵalaw túri ótkeriletuǵın múddetke deyin aralıq qadaǵalaw túrin tapsırǵan bolıwı shárt.

**22.** Aralıq qadaǵalaw túrin tapsırmaǵan, sonday-aq usı qadaǵalaw túri boyınsha "2" (qanaatlandırarsız) baha alǵan talaba juwmaqlawshı qadaǵalaw túrine jiberilmeydi.

Juwmaqlawshı qadaǵalaw túrine kirmegen yamasa kirgizilmegen, sonlıqtan usı qadaǵalaw túri boyınsha "2" (qanaatlandırarsız) baha menen bahalanǵan talaba akademik qarızdar bolıp esaplanadı.

**23.** Talaba sebepli jaǵdaylarına baylanıslı aralıq hám (yamasa) juwmaqlawshı qadaǵalaw túrine kirmegen jaǵdayda usı talabaǵa tiyisli qadaǵalaw túrin qayta tapsırıwǵa fakultet dekanınıń biyligi tiykarında ruhsat beriledi.

**24.** Bir kúnde 1 márteden artıq pán boyınsha juwmaqlawshı qadaǵalaw túri ótkeriliwine jol qoyılmaydı. Juwmaqlawshı qadaǵalaw túrlerin ótkeriw keminde 2 kun aralıǵında belgileniwi lazım.

**25.** Talaba gúzgi semestr nátiyjeleri boyınsha 3 pánge deyin (pánlerden) akademik qarızdar bolǵan hallarda, bir ayǵa shekem semestr basınan qayta tapsırıw ushın 1 ay múddet beriledi.

Pitkeriwshi kurs bolmaǵan talabalar báhárgi semestr nátiyjeleri boyınsha 3 pánge deyin (pánlerden) akademik qarızdarlıǵı bolǵan talabaǵa tiyisli pán (pánler) boyınsha aralıq hám (yamasa) juwmaqlawshı qadaǵalaw túrlerin jańa oqıw jılı basınan qayta tapsırıw ushın 1 ay múddet beriledi.

Pitkeriwshi kurs talabalarine báhárgi semestr nátiyjeleri boyınsha ózlestirilmegen pánnen (pánlerden) qayta tapsırıw ushın juwmaqlawshı mámleket attestaciyası baslanıwına shekem ruxsat beriledi.

**Pánlerden akademik qarızdarlıǵı 4 hám onnan kóp bolǵan talabalarǵa qayta tapsırıwǵa ruxsat berilmeydi hám olar QMI rektorınıń buyrıǵı menen kurstan qaldırıladı.**

**26.** Talabaǵa aralıq hám (yamasa) juwmaqlawshı qadaǵalaw túrin qayta tapsırıw ushın berilgen múddet dawamında talaba tárepinen qayta tapsırıwlar sanı 2 márteden kóp bolmaslıǵı kerek.

Talaba aralıq hám (yamasa) juwmaqlawshı qadaǵalaw túrin **birinshi márte** qayta tapsırıwınan óte almaǵan taǵdirde, fakultet dekanı tárepinen komissiya dúziledi.

Komissiya quramı tiyisli pán boyınsha professor-oqıtıwshı ham taraw qániygeleri arasınan shólkemlestiriledi.

Akademikalıq qarızdar talim alıwshınıń qayta tapsırıwda aralıq ham juwmaqlawshı qadaǵalaw ushın alǵan «ayrıqsha» yamasa «jaqsı» balları 0,8 koeffitsient paydalanǵan halda registratsiya etiledi.

**Ekinshi márte** aralıq hám (yamasa) juwmaqlawshı qadaǵalaw túrin ótkeriw hám talabanı bahalaw usı komissiya tárepinen ámelge asırıladı.

**27.** Berilgen múddet dawamında bar bolǵan qarızdarlıqtı tapsıra almaǵan talaba boyınsha dekanı bildirgi menen QMI rektorın xabardar qıladı hám usı talaba rektor buyrıǵı tiykarında kursdan qaldırıladı.

**28.** Talaba sebepsiz qániygelik ámeliyatqa qatnaspaǵan, sonday-aq qániygelik ámeliyat juwmaqları boyınsha "2" (qanaatlandırarsız) baha menen bahalanǵan jaǵdaylarda ol akademik qarızdar esaplanadı hám kurstan qaldırıladı.

**29.** Kursta qaldırılǵan talaba pándi (pánlerdi) ózlestirilmegen semestr basınan tólew-kontrakt tiykarında usı oqıw jılınıń tiyisli semestri ushın tastıyıqlanǵan oqıw rejege muwapıq oqıwdı dawam ettiredi.

**30.** Bahalaw nátiyjesinen narazı bolǵan talabalar fakultet dekanı tárepinen shólkemlestiriletuǵın Apellyaciya komissiyasına apellyaciya beriw huqıqına iye.

**31.** Apellyaciya komissiyası quramına talabatı bahalawda qatnaspaǵan tiyisli pán professor-oqıtıwshıları arasınan komissiya baslıǵı hám keminde tórt aǵza kiritiledi.

**32.** Talaba bahalaw nátiyjesinen narazı bolǵan táǵdirde, bahalaw natiyjesi daǵaza qılınǵan waqqıttan baslap 24 saat dawamında apellyaciya beriwi múmkin. Talaba tárepinen berilgen apellyaciya Apellyaciya komissiyası tárepinen 2 kún ishinde kórip shıǵılıwı lazım.

**33.** Talabanıń apellyaciyasın kórip shıǵıwda talaba qatnasıw huqıqına iye.

**34.** Apellyaciya komissiyası talabanıń apellyaciyasın kórip shıǵıp, onıń nátiyjesi boyınsha tiyisli qarar qabıl qıladı. Qararda talabanıń tiyisli pándi ózlestirgeni yamasa ózlestire almaǵanı kórsetiledi.

Apellyaciya komissiyası tiyisli qarardı fakultet dekanı hám talabaǵa jetkiziliwin támiyinleydi.

## 4-bap. Bahalaw nátiyjelerin dizimnen ótkeriw

**35.** Talabalar bilimin bahalaw tiyisli pán boyınsha professor-oqıtıwshı tárepinen Talabalardıń pánlerdi ózlestiriwi esapqa alıw jurnalında (bunnan bılay tekste Jurnal dep júgrizíledi) jazıp barıladı. Professor-oqıtıwshı qosımsha ráwishte talabalar bilimin bahalawdı Hemis elektron platformaga kiritedi.

Professor-oqıtıwshı Jurnalda talabaǵa qoyılǵan bahalardı usı kúnniń ózinde kiritedi. Eger talabanıń bilimin bahalaw jazba jumıs formasında ótkerilgen bolsa, bunda professor-oqıtıwshı talabalardıń nátiyjelerin 3 kúnnen kóp bolmaǵan múddette Jurnalǵa kiritiwi tiyis.

**36.** Qadaǵalaw túri boyınsha talabanıń bilimi "3" (qanaatlandırarlı) yaki "4" (jaqsı) yamasa "5" (ayrıqsha) baha menen bahalanǵanda, qadaǵalaw túri qaytadan tapsırıwǵa jol qoyılmaydı.

**37.** Talaba qadaǵalaw túri ótkerilgen waqıtta sebepli qatnaspaǵan jaǵdayda Jurnalǵa "0" belgisi jazıp koyıladı.

**38.** Jurnal tiyisli pán boyınsha oqıw sabaqların ótkerip barǵan professor-oqıtıwshı, kafedra baslıǵı hám fakultet dekanı tárepinen qol qoyıladı hámde fakultet dekanatında saqlanadı. Jurnaldıń saqlanıwı ushın fakultet dekani juwapker esaplanadı.

**39.** Talabalardıń juwmaqlawshı qadaǵalaw túri boyınsha bahaları Jurnalǵa jazılǵanda, usı kúnniń ózinde talabanıń Bahalaw dáptershesine jazılıp qoyılıwı kerek.

Talabanıń tamamlanǵan pán boyınsha ózlestiriw kórsetkishi kúndelik, aralıq hám juwmaqlawshı qadaǵalawlardıń ortasha arifmetik esabınan kelip shıǵadı hám putin sanlarda belgilenedi. Bunda talaba hár bir qadaǵalaw turinen keminde 3 "qanaatlandırarlı" baha alıwı kerek.

Oqıw rejege tiykarlanıp bir neshe semestr oqıtılatuǵın pánlerden tamamlanbaǵan semestr boyınsha talabanıń ózlestiriw nátiyjesi bahalaw dáptershesine "ózlestirdi" dep jazıp qoyıladı.

Semestr juwmaǵına qarap tamamlanmaǵan pánler boyınsha aralıq qadaǵalaw turine kirmegen yamasa kiritilmegen, sonday-aq usı qadaǵalaw turi boyınsha 2 «qanaatlandırarsız» baha menen bahalanǵan talaba akademik qarızdar esaplanadı.

**40.** Juwmaqlawshı qadaǵalaw túri boyınsha talabanıń bilimi "2" (qanaatlandırarsız) baha menen bahalanǵan yaki Jurnalǵa "0" belgisi jazıp qoyılǵan jaǵdaylarda usı baha yaki belgi talabanıń Bahalaw dápterine jazılmaydı.

**41.** Jurnaldıń óz waqtında, tuwrı hám tolıq júrgiziliwi, sonday-aq ondaǵı baha hám basqa maǵlıwmatlarǵa tiykarsız ózgerttiriwler kirgizilmesligi ushın fakultet dekani hám tiyisli pán boyınsha professor-oqıtıwshı juwapker esaplanadı.

**42.** Tiyisli oqıw jılı juwmaǵı boyınsha isshi oqıw rejedegi pánler boyınsha "3" (qanaatlandırarlı) yaki "4" (jaqsı) yamasa "5" (ayrıqsha) baha menen bahalanǵan talaba QMI direktorınıń buyrıǵına tiykarlanıp keyingi kursqa ótkeriledi.

**43.** Bahalaw nátiyjeleri kafedra jıynalısları, fakultet hám QMI Keńeslerinde turaqlı túrde dodalap barıladı hám tiyisli qararlar qabıl qılınadi.

**44.** QMIda talabalar ózlestiriwin bahalaw sisteması 5 baha yaki 100 ballıq sistema hám zamanagóy sırt el mámleketleri joqarı oqıw orınlarında qollanılıtuǵın bahalaw sistemalarına salıstırıw hámde olarǵa ótkeriw usı Nızamnıń qosımshasına muwapıq kesteler tiykarında ámelge asırıladı.

**5-bap Juwmaqlawshı qaǵıyda**

**45.** Joqarı basqarıw mákemeleriniń kórsetpesi tiykarında ózgerisler kiritiliwi múmkin.

**46.** Usı Nızam QMI Ilimiy Keńesinde tastıyıqlanǵan.

2024 jıl «7» sentyabr № 1 bayannaması.

Oqıw-metodikalıq bólim baslıǵı — Abdullaeva N.Dj

I medicina fakultet dekanı — Xojambergenov Q.M

II medicina fakultet dekanı — Gayipbaev N.R

**1-qosımsha**

## Talabalar ózlestiriwini bahalaw tizimlerini salıstırıw kestesi

| Ball | ECTS baha | ECTS diń táriypi | Baha | Táriypi |
|---|---|---|---|---|
| 86-100 | A | "ayrıqsha" – ayrıqsha nátiyje, minimal qátelikler menen | 5 | ayrıqsha |
| 81-85 | B | "júdá jaqsı" – ortadan joqarı nátiyje, ayırım qátelikler menen | 4 | jaqsı |
| 71-80 | C | "jaqsı" – ortasha nátiyje, sezilerli qátelikler menen | | |
| 60-70 | D | "qanaatlandırarlı" – tómen nátiyje, qopal kemshilikler menen | 3 | Qanaatlan dırarlı |
| 55-59 | E | ""orta" – minimal nátiyjege teń | | |
| 31-54 | FX | "qanaatlandırarsız" – minimal dárejedegi bilimlerdi alıw ushın qosımsha óz betinshe ózlestiriwi zárúr | 2 | Qanaatlan dırarsız |
| 0-30 | F | "ulıwma qanaatlandırarsız" – tolıq qayta ózlestiriwi lazım | | |